

Septanm 2023

Chè fanmi,

Mwen kontan anpil pou swete w byenveni nan ane lekòl 2023-24 la! Mèsi poutèt ou chwazi Lekòl Leta Vil Nouyòk. Mwen espere nou tout ap soti nan vakans ete a byen frèch ak pare pou yon nouvo ane aprantisaj enteresan.

Pou mwen, pa gen anyen ki ka konpare ak mwa septanm ak premye semèn klas yo ki enteresan—lè mwen vizite lekòl atravè senk borough yo, rankontre paran yo, epi akeyi elèv ak pwofesè ki retounen. Lè m ap gade espwa ak pwomès ki nan ekspresyon vizaj ak emosyon timoun yo, mwen santi enèji eksitan ki chaje atmosfè a avèk elektrisite. Lè m ap gade elèv yo k ap eksplwate ak kiryozi ak kreyativite yo, epi fè eksperyans moman enpresyonan "aha" pandan y ap leve defi nan domèn akademik. Lè m ap gade ekselans ak kapasite inik timoun yo, lè m konnen fanmi ak pwofesè yo ap enspire yo pou atenn menm somè ki pi wo toujou chak jou k ap pase.

Pou asire nou garanti reysit elèv nou yo, mwa septanm sa a m ap ranfòse misyon nou: pou ofri chak timoun yon bon demaraj... epi yon chemen klè pou yon lavni ki asire. Sa vle di yon ane akademik byen solid, pwogram espò ak arts anrichisan, manje lekòl ki gen bon gouak nourisan, salklas enklizif, ki gen sekirite ak anpil lòt bagay ankò.


NYC Reads, inisyativ revolisyone nou an pou asire tout elèv yo se lektè ki konpetan, kontinye gide chaj la. Inisyativ sa a prezante nouvo kourikoulòm ki baze sou prèv epi ki gen rasin nan "syans epi ki konplete avèk fonik—metòd ki pwouve pou anseye timoun pou vin lektè ki gen konfyans nan tèt yo. Literacy se vrè fondasyon pou tout aprantisaj epi li esansyèl pou trase yon chemen k ap mennen elèv yo nan yon lavni ki asire.

Kit lavni sa a gen ladan kolèj, fòmasyon teknik, oswa yon aprantisaj, nou pral asire tout elèv gradye avèk yon plan pou reyalize sekirite ekonomik alontèm—epi jwenn zouti, resous, ak sipò yo bezwen pou debloke tout potansyèl yo pou ouvri tout pòt opòtinite.

Ou ka jwenn enfòmasyon enpòtan ak mizajou sou règleman akademik, pwotokòl sante ak sekirite, ak plis lòt bagay ankò nan schools.nyc.gov/bts2023. Pou telechaje yon lis bagay pou fè ou ka enprime pou retounen lekòl, tanpri ale sou schools.nyc.gov/btschecklist.

Septanm se sèlman kòmansman sa mwen konnen ki pral yon ane lekòl vrèman eksepsyonèl. Mèsi pou kolaborasyon w. Mèsi dèske ou konfye nou edikasyon pitit ou yo. Mwen kontan anpil pou tout bagay nou ap akonpli ansanm ane sa a.

Plane wo,



David C. Banks
Chanselye